



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**ASOSYASYON NASYONAL GOUVÈNÈ A SOUMÈT LIS KESYON BAY
ADMINISTRASYON TRUMP LAN SOU MIZANPLAS VAKSEN KONT COVID-19**

***Kesyon sou finansman, alocation, chèn apwovizyonman, egzijans sou
kominikasyon ak sou enfòmasyon***

***Koperasyon federal/Eta a enpòtan pou distribye an tout sekirite ak yon fason
efikas vaksen kont COVID-19 la***

Gouvènè repibliken ak demokrat ki soti nan tout peyi a te soumèt kesyon yo

Asosyasyon Nasyonal Gouvènè (National Governors Association, NGA) a, ki gen kòm prezidan Gouvènè Andrew M. Cuomo, te voye jodi a yon lis kesyon bay Administrasyon Trump lan kote li ap chèche presizyon sou fason pou distribye ak administre efikasman yon vaksen kont COVID-19. Distribisyon ak mizanplas vaksen an se yon gwo antrepriz ki pap ka jere san kowòdinasyon lojistik, planifikasyon ak asistans finansye siyifikatif ant Eta yo ak gouvènman federal la. Lis kesyon yo -- ke Gouvènè repibliken ak demokrat ki soti nan tout peyi a te soumèt la -- kouvri finansman pou administrasyon yon vaksen, alokasyon chèn apwovizyonman an, ak egzijans sou kominikasyon ak sou enfòmasyon yo.

"Asosyasyon Nasyonal Gouvènè a, ke mwen se prezidan an, te voye yon lèt bay prezidan Etazini an semèn pase a. Nou te mande pou nou rankontre avèk prezidan an pou diskite fason ke sa ta sipoze fèt ant gouvènman federal la ak Eta yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a nou ap pibliye yon konpilasyon kesyon yo ki soti nan men gouvènè nan tout peyi a, demokrat ak repibliken, kote yo di Mezon Blanch (White House) lan: kijan sa pral fonksyone? Nou bezwen repons ak kesyon sa yo avan vaksen an disponib dekwa pou nou kapab prepare pou nou fè fas epi dekwa pou sa pa pran okenn moun pa sipriz lè moman an rive pou nou vaksinen moun yo."

Lis kesyon NGA a te rasanble ki soti nan men gouvènè yo nan nasyon an disponib anba la a:

Finansman pou administrasyon vaksen an

- Èske pral genyen finansman ki repati pou Eta yo ka ede nan distribisyon vaksen an ak lòt efò yo pou vaksen an?

- San finansman Eta a ak lokal anplis pou mete anplas plas vaksen COVID-19 yo, nou pral gen difikilte nan sa nou kapab reyalize. Kilè nou kapab atann nou ak plis enfòmasyon sou resous ki gen rapò ak repons sa a?
- Kisa plan yo ye pou nenpòt kontra federal ak/oswa finansman anplis pou sipòte "resous sou teren an" pou vaksinen nan nivo 2 ak plis?
- Kijan yo pral kouvri depans pou administrasyon vaksen an pou moun ki pa gen asirans yo?
- Èske gouvènman federal la pral fikse enstriksyon yo sou depans ki otorize pou administrasyon vaksen an pou sila yo ki genyen asirans sante yo (menm si asirans Eta a, Medicaid, Medicare, CHIP, oswa lòt asirans sante Eta a finanse)?
- Kijan yo ap jere finansman/ranbousman pou vaksen an?
- Nou konprann ke yo pral bay vaksen an gratis inisyalman, menm jan yo te bay remdesivir a. Sepandan, Eta yo dwe peye kounye a pou remdesivir sou mache komèsyal la. Konbyen tan gouvènman federal la pral angaje li pou li bay Eta yo vaksen an gratis?

Alokasyon ak chèn apwovizyonman an

- Kijan yo pral repati vaksen bay Eta yo? Ki fòmil yo pral itilize?
- Kijan yo pral distribye vaksen an? Ki mekanis gouvènman federal la pral itilize?
- Èske administrasyon an kapab bay plis enstriksyon sou ki egzijans priyoryasyon ki pral yon kondisyon pou divilge vaksen an epi nan ki mezi Eta yo pral gen latitid pou dirije desizyon sa yo?
- Èske yo prevwa chanjman nan Lwa sou Disponibilite ak Preparasyon Piblik (Public Readiness and Preparedness Act, PREP Act) la anplis otorizasyon pou famasyon ak estajyè yo administre vaksen an?
- Kijan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) a ap planifye pou jere distribisyon vaksen an nan antite Federal yo tankou Prizon Federal yo, Afè Veteran (Veteran's Affairs, VA) yo ak lòt òganizasyon federal yo? Èske antite sa yo ap resevwa apwovizyonman vaksen dirèkteman nan men CDC a oswa èske Eta yo pral jere sa?
- Menm jan an, kilè Eta yo kapab resevwa direktiv nan men Eta federal la sou responsabilite Eta yo pou vaksinen anplwaye federal yo (pa egzanp, ki moun ki ap vaksinen Gad Nasyonal la, Anplwaye USPS yo, FBI an, etc).
- Kijan yo pral respekte souvèrènte tribi yo? CDC a te voye yon modèl kote li te mande konbyen dòz vaksen yo bezwen voye bay chak etblisman sante Enstiti Syans Sante (Institute of Health Science, IHS)/tribi yo olye yo mande Eta yo kote chak tribi vle pou yo voye dòz vaksen yo a (ki kapab youn nan etblisman sa yo, yon biwo sante piblik Depatman Sante (Department of Health, DOH) a, yon founisè prive ke yo ta renmen fè kontra avèk li, etc).
- Kisa estrateji nasyonal pou priyoryasyon vaksen an pral ye lè apwovizyonman an fini?
- Kijan jesyon apwovizyonman yo (sa vle di zegwi yo, sereng yo, tanpon pou alkòl yo, pansman adezif yo, etc.) ap fonksyone?

- Èske pral genyen dokiman anplis konsènan direktiv sou jesyon vaksen ki frèt anpil yo (sa vle di dekonjelasyon, estokaj apre dekonjelasyon, rekonstitisyon, etc.)?
- Nou konnen preyokipasyon ki di ke deja genyen yon mank glas sèch, ke yo ap itilize pou estoke vaksen ki bezwen estokaj ki frèt anpil yo pandan esè klinik yo.
 - Si sa vre, èske mank sa a afekte plan yo pou ekspedye vaksen ki bezwen estokaj ki frèt anpil yo nan itilize glas sèch ak resipyan ki kapab estoke vaksen an pandan jiska yon semèn?
 - Si genyen yon mank glas sèch, èske sa chaje direktiv Eta yo pou yo pa achte plis konjelatè pou estokaj ki frèt anpil yo?
 - Nou bezwen tou direktiv sou redistribisyon vaksen ki bezwen estokaj ki frèt anpil yo. Si yo pral vini nan kagezon ki gen 1,000 dòz jan gouvènman federal la endike sa a, nou pral bezwen pwobableman distribye yo pi lwen nan zòn riral nou yo. Kisa enstriksyon yo pral ye pou nou fè sa san konpwomèt vaksen an?
 - Pandan konbyen tan pwodwi a pral vyab andeyò pake orijinal kote yo pral ekspedye 1,000 dòz yo? Èske yo ka/pral mete pake ti volim nan kagezon an tou?
 - Kisa direktiv federal la pral ye konsènan sou-priorizasyon pami gwoup priorite inisyal yo piske pap genyen ase vaksen nan premye moman yo menm pou travayè sante yo kòm yon gwoup?

Egzijans sou kominikasyon ak sou enfòmasyon

- Te gen kèk endikasyon ke gwo chèn famasi yo ak pwobableman sistèm swen sante ant Eta yo pral enskri dirèkteman avèk gouvènman federal la. Nou bezwen detay espesifik yo piske anpil nan yo ap pran kontak ak Eta yo. Sa afekte enskripsyon sible nou an pou aktè sa yo anbake kòm founisè vaksen pou Covid-19. Kilè nou kapab resevwa klarifikasyon sou ki aktè ki pral fè kontra dirèkteman avèk gouvènman federal la?
- Èske pral genyen pwosesis ant plizyè Eta ki kowòdone pou siveye efè vaksen yo (efè segondè yo, mank respons iminitè yo, etc) pou asire yo idantifye siy avètisman bonè yo pi rapidman posib?
- Èske gouvènman federal la pral bay enfòmasyon aktyèl/an tan reyèl sou enskripsyon nasyon tribi yo nan CDC a pou kagezon dirèk yo, pa rapò ak enskripsyon atravè Eta a?
- Èske administrasyon an kapab bay plis enfòmasyon sou etablisman swen alontèm yo? Espesyalman, èske yo ap planifye pou òdone vaksen nan mezon retrèt (nursing homes) yo atravè Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS) yo? Pa egzanp, èske itilizasyon vaksen an pral konekte pou kontinye finanse Medicaid? Si se konsa, kilè egzijans sa yo tap antre an vigè?
- Èske gouvènman federal la pral egzije ke Eta yo fè rapò sou done ki pèsònèlman idantifyab sou vaksen pou COVID la? Nou genyen preyokipasyon ke sa gendwa kreye yon mank konfyans epi dekouraje moun pou yo pa pran vaksen an.
- Kisa wòl Eta a ye nan siveye sekirite apre moun yo fin pran vaksen an?

- Konbyen Eta ki ap itilize Mikwoechantiyonaj Volimetrik Absòban (Volumetric Absorptive Microsampling, VAMS) kòm Sistèm Enfòmasyon sou Iminizasyon (Immunization Information System, IIS) yo a?
- Èske Eta yo ap pataje mikwo-priorizasyon yo a nan Faz 1b a?
- Ki materyèl kominikasyon/pou mesaj yo te devlope?
- Kijan yo pral voye mesaj ak pataje done syantifik konplèks yo piblikman? Ki tip materyèl edikasyon, epi nan ki lang, yo pral devlope yo?
- Ki enfòmasyon yo pral pataje piblikman sou chak vaksen ki apwouve yo? Kijan yo pral asire transparans?
- CDC a ap planifye pou egzije yo fè rapò bay IIS la nan 24 èdtan apre yo administre vaksen an. Nou konnen pou vaksen kont grip la genyen yon reta dramatik nan done ki ap vini yo - kijan rapò sou done sou vaksen kont COVID-19 yo ap diferan?

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)